M.S.P.P No. 102

REPUBLIQUE D'HAITI

**MINISTERE DE LA SANTE PUBLIQUE ET DE LA POPULATION**

No. 124

Port-au-Prince, le 19 avril 2020

# AVI # 20

## 47 ka COVID-19 konfime nan peyi Dayiti

**Ministè Sante Piblik** ap enfòme popilasyon an genyen **3 nouvo ka COVID-19 ki konfime nan dat 18 avril 2020** an. Sa ki bay **yon total 47 ka konfime** nan peyi Dayiti. Pou ka sa yo, genyen **44 ki aktif, 3 moun mouri** epi **0 geri.**

Nan kad transparans gouvènman pwomèt la, l ap kontinye bay popilasyon an bon jan enfòmasyon pou l kapab pwoteje tèt li pi byen.

**Ministè sante piblik ap kontinye mande popilasyon an pou l respekte tout prensip lijyèn ak sekirite Leta a deja bay pou anpeche maladi a gaye nan peyi a :**

- **rete lakay nou;**
- **toujou lave men nou ;**
- **evite mete men je nou, nan nen ak nan bouch nou ;**
- **sizoka ou ta gen ijans pou soti, toujou sonje bay tout moun 2 pa distans epi toujou mete kachnen (mas).**

**KOWONAVIRIS PA YON JWÈT !**
**An nou youn veye sou lòt, an nou youn pwoteje lòt !**

**Doktè Marie Greta Roy CLÉMENT**
**Minis**

MINISTERE DE LA SANTE PUBLIQUE ET DE LA POPULATION — CABINET DU MINISTRE

**Tab.1: Distribution des cas et résultats de COVID-19 par département au 18 avril 2020, Haiti**

| Département | Cas suspects | Cas Confirmés | Décès | Taux de létalité |
|---|---|---|---|---|
| Artibonite | 52 | 4 | 0 | 0% |
| Centre | 15 | 1 | 0 | 0% |
| Grand Anse | 3 | 0 | 0 | - |
| Nippes | 19 | 2 | 0 | 0% |
| Nord | 35 | 0 | 0 | - |
| Nord-Est | 37 | 8 | 2 | 25% |
| Nord-Ouest | 7 | 1 | 0 | 0% |
| Ouest | 394 | 27 | 1 | 4% |
| Sud | 8 | 0 | 0 | - |
| Sud-Est | 25 | 4 | 0 | 0% |
| **Grand Total** | **595** | **47** | **3** | **6%** |

Source: MSPP/DELR

**Graphique 1: Distribution des cas confirmés de COVID-19 par Commune au 18 avril 2020, Haiti**




**Tab.2: Distribution des cas de COVID-19 par groupe d'age au 18 avril 2020, Haiti**

| Age Groupe | Cas suspects | Cas Confirmés | Décès | Taux de positivité | Taux de létalité |
|---|---|---|---|---|---|
| 0-19 ans | 93 | 4 | 0 | 5% | 0% |
| 20-44 ans | 331 | 20 | 0 | 7% | 0% |
| 45-64 ans | 127 | 16 | 2 | 13% | 13% |
| 65 ans et + | 44 | 7 | 1 | 18% | 14% |
| **Grand Total** | **595** | **47** | **3** | **9%** | **6%** |

Source: MSPP/DELR


REPIBLIK D'AYITI
MINISTÈ SANTE PIBLIK AK POPILASYON
COVID-19
Sitiyasyon maladi a nan peyi Dayiti
18 avril 2020
6 zè nan aswè
595 Ka sispèk
47 Ka konfime
44 Ka aktif
0 Ka ki geri
3 Moun mouri
59.6% Gason
40.4% Fanm
Nan 47 ka konfime yo, gen 36 ki moun trape maladi a nan peyi etranje epi 11 moun ki trape maladi a nan peyi a.
Karantèn nan enstitisyon
81
Karantèn nan kay
227
©2020
Toujou lave men nou! Ret lakay nou !
Si w gen ijans pou soti, toujou mete kachnen!
UCRP